Елдиң бирлиги ҳәм абаданлығы ушын!

Еркин Қарақалпақстан

№61 — 156 (21239)
20-МАЙ
2025-ЖЫЛ
ШИЙШЕМБИ

ГАЗЕТА 1924-ЖЫЛ НОЯБРЬДЕН ШЫҒА БАСЛАДЫ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ҲӘМ МИНИСТРЛЕР КЕНЕСИНИҢ ГАЗЕТАСЫ

http://erkinkarakalpak.uz
erkinkk@inbox.uz erkinkk@bk.ru

2030-ЖЫЛҒА ШЕКЕМГИ ДӘЎИРДЕ ХАЛЫҚТЫҢ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МӘДЕНИЯТЫН АРТТЫРЫЎ КОНЦЕПЦИЯСЫН ТАСТЫЙЫҚЛАЎ ҲАҚҚЫНДА

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПРЕЗИДЕНТИНИҢ ҚАРАРЫ

Өзбекстан Республикасы Президентинин 2025-жыл 30-январьдағы «Өзбекстан — 2030» стратегиясын «Қоршаған орталықты қорғаў ҳәм «жасыл экономика» жылында әмелге асырыўға байланыслы мәмлекетлик бағдарламасы ҳаққында»ғы ПП-16-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийнлеў, халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў бойынша қойылып атырған илаждардың нәтийжелилигин буннан былай да арттырыў, бул бағдарда мәмлекетлик уйымлардың пуқаралар, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетинің басқа да институтлары менен өз-ара бирге ислесиўдеги ҳәрекетлерин ҳәм Өзбекстан экологиялық партиясының пуқаралардың экологиялық билимлерин арттырыўға қаратылған басламаларын қоллап-қуўатлаў мақсетинде қарар етемен:

I. Күтилип атырған мақсетли көрсеткишлер

1. Усы қарарды қабыл етиўден көзленген тийкары мақсет етип 2030-жылы төмендеги көрсеткишлерге ерисиў белгиленсин:

(а) 3,3 миллион мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин тәрбиялаўшыларында экологиялық мәденияттың қалыпласыўы;

(б) 4,2 миллион улыўма орта билим бериў системасы шөлкемлери оқыўшыларында экологиялық талим-тәрбияның беккемлениўи, экологиялық мәденияттың көтерилиўи;

(в) 400 мың орта арнаўлы ҳәм кәсиплик билимлендириў системасы шөлкемлериниң оқыўшыларында экологиялық талим-тәрбияның беккемлениўи, экологиялық мәденияттың көтерилиўи;

(г) 1,9 миллион жоқары билимлендириў системасы шөлкемлери студентлеринде экологиялық мәденияттың жоқарылаўы;

(д) 90 процент мәмлекетлик уйымлар, қәрхана ҳәм мәкемелер хызметкерлериндe экологиялық мәденияттың жоқарылаўы.

II. Программалық ҳужжетлер ҳәм оларды әмелге асырыў механизмлери

2. Төмендегилер:

(а) 2030-жылға шекемги дәўирде халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў концепциясы (кейинги орынларда — Концепция) 1-қосымшаға муўапық;

(б) 2030-жылға шекемги дәўирде халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў концепциясын 2025-2026-жылларда әмелге асырыў бойынша «жол картасы» (кейинги орынларда — «жол картасы») 2-қосымшаға муўапық;

(в) 2030-жылға шекемги дәўирде халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў концепциясын қабыл етиўден күтилип атырған мақсетли көрсеткишлер (индикаторлар) (кейинги орынларда — мақсетли көрсеткишлер (индикаторлар) 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Төмендегилер:

(а) Концепция 2027-жылдан баслап Министрлер Кабинети тәрепинен әр екі жыл муддетке тастыйықланатуғын айрықша «жол картасы» тийкарында басқышпа-басқыш әмелге асырылады;

(б) мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер хызметкерлериниң экологиялық билимлерин арттырыўға қаратылған бийпул оқыў курслары шөлкемлестириледи;

(в) мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлердиң бюджеттен тысқары қаржылары есабынан экологиялық мәдениятты арттырыўға байланыслы жойбарлары әмелге асырыў ушын мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерге нызамшылықта белгиленген тәртипте әр жылы тиккелей шартнама дузиў жолы менен мәмлекетлик соцталлық буйыртпа бериледи;

(г) Концепция ҳәм «жол картасы»нда белгиленген илаждардың өз уақтында ҳәм нәтийжели әмелге асырылыўы, мақсетли көрсеткишлерге (индикаторларға) ерисилиўи экология, климат өзгериўи, тоғай хожалығы ҳәм туризм тараўындағы министрликлер ҳәм уйымлардың жумысының 2025-жыл ҳәм оннан кейинги жыллар ушын ең әҳмийетли нәтийжелилик көрсеткишлериндe (KPI) инабатқа алынады;

(д) пуқаралық жәмийети институтлары, илимпазлар, қәнигелер, сырт елли экспертлер Концепция ҳәм «жол картасы»н нәтийжели әмелге асырыўда кеңнен тартылады.

III. Мәмлекетлик уймының жуўапкершилигин арттырыў

Экология, қоршаған орталықты қорғаў ҳәм климат өзгериўи министрлиги (кейинги орынларда — Экология министрлиги) халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў тараўында муўапықластырыўшы мәмлекетлик уйым етип белгиленсин.

Экология министрлигине төмендеги қосымша ўазыйпалар жүкленсин:

(а) жаңа редакциядағы Конституцияда беккемленген әр кимнин қолайлы қоршаған орталыққа, онын жағдайы ҳаққында исенимли мәлимлемете ийе болыў ҳуқықын толық әмелге асырыў илаждарын қориў;

(б) алдыңғы сырт ел тәжирийбеси тийкарында экологиялық билимлендириў ҳәм тәрбия системасын буннан былай да жетилдириў илаждарын қориў, бул бағдардағы илимий изертлеўлерди қоллап-қуўатлаў;

(в) жәмийетте жоқары экологиялық мәдениятты қалыплестириў бойынша өгит-нәсиятлаўдың инновациялық усылларын енгизиў, онда заллы технологиялар имканиятларынан кеңнен пайдаланыў;

(г) халықтың экологиялық мәдениятын қалыплестириў ҳәм жоқарылатыўда пуқаралық жәмийети институтлары менен бирге ислесиўди ҳәм де раўажландырыў, экология тараўындағы ҳуқықбузарлықларға қарсы гүресиўде жәмийетлик қадағалаў механизмлерин жетилистириў илаждарын қориў.

IV. Экологиялық мәлимлеменің ашық-айдынлығын тәмийнлеў илаждары

Өзбекстан Республикасынын қоршаған орталық пенен байланысы мәселелер бойынша қарарлар қабыл етиў процессинде жәмийетшиликтиң мәлимлеме алыў имканияты, қатнасы ҳәм әдил судлаўға ерисиў имканияты ҳаққындағы конвенцияға (Орхус конвенциясы, Орхус қаласы, Дания, 1998-жыл 25-июнь) қосылғанлығы мүнәсибети менен сондай тәртип орнатылсын, оған муўапық 2025-жыл 1-декабрьден баслап Экология министрлиги қоршаған тәбийғый орталықтың мәмлекетлик мониторинги системасының мағлыўматлар базаларының жәмийетшилик ушын ашықлығын тәмийнлейди ҳәм оларда төмендеги мағлыўматларды жайластырыў барады:

(а) әр жылы «Жасыл мәкан» улыўма миллий жойбары шеңберинде егилетуын терек ҳәм наллер ҳаққында (мәнзили, тәрбиялаў ушын жуўапкер шахслар, нал түри ҳәм т.б.);

(б) мәмлекетлик тоғай фондына кирметтуын терек ҳәм путаларды кесиў ушын юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен руқсат етиў характерине ийе ҳужжетти алыў мақсетинде усынылған арзалар ҳаққында (мүражат етиўшилер, тереклердиң саны, түри ҳәм мәнзили) ҳәм теректи кесиў бойынша өткерилетуын жәмийетлик тыңлаў ҳаққында (сәнеси, уақты, мәнзили ҳәм нәтийжелери);

(в) суў бассейнлериндe рудалық емес материаллары қазып алыў бойынша енгизилген мораторий тәртибин бузған шахслар ҳаққында;

(г) мөлшерлеринп атырған ҳәм (ямаса) режелестирилип атырған ямаса әмелге асырылып атырған хожалық жумысынын ҳәм басқа жумыстың қоршаған орталыққа итималлы тәсири мәселелерин халық ҳәм жәмийетшилик арасында додалаў мақсетинде шөлкемлестирилген жәмийетлик тыңлаўлардың нәтийжелери ҳаққында;

(д) стратегиялық экологиялық баҳалаў объектлери, соның ишинде, қала қурылысы ҳужжетлериниң барлық түрлери, мәмлекетлик бағдарламалардың, концепциялардың, өндирис күшлерин, экономикалық ҳәм социаллық тараў тармақларын жайластырыў ҳәм раўажландырыў схемаларының жойбарлары бойынша жәмийеттлик тыңлаў нәтийжелери ҳаққында;

(е) экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў тараўында өткерилген рейдлер, тексериўлер, мониторинглер нәтийжесинде анықланған нызам бузыўлы жағдайлары ҳәм оларды сапластырыў бойынша қорилген илаждар ҳаққында;

(ж) аймақларға қатты турмыслық шығындыларды алып шығып кетиў ушын бириктирилген санитариялық-тазалаў қәрханалары ҳаққында (қәрхананың аты, басшы ҳәм оның орынбасарының фамилиясы, аты, жасеминде аты, олардың телефон номерлери, диспетчерлик хызмети ҳәм мүражаттарды қабыллаў хызмети мағлыўматлары, қатты турмыслық шығындыларды алып шығып кетиў реже-графиклери ҳаққында;

(з) шығындыларды қабыллаў, сайлап алыў, қайта ислеў ҳәм жатыў арқалы альтернатив энергия ислеп шығарыў менен шуғылланыўшы қәрханалар ҳаққында (қәрхананың аты, жумыс түри, телефон номерлери, екилемши шийки зат, сайлап алынған шығындыларды қабыллаў орынларының мәнзилилери).

V. Экологиялық мәдениятты қалыплестириў ҳәм жоқарылатыў бойынша шөлкемлестириў илаждары

Экология министрлиги Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлиги, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги, Өзбекстан мәҳәллелери ассоциациясы, Жаслар ислери агентлиги, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери менен бирге 2025-жылдан баслап ҳәр жылы төмендегилерди әмелге асырып барсын:

(а) халықтың ҳәр қыйлы қатламлары, студентлер ҳәм оқыўшы-жаслар арасында «Жасыл мәкан» улыўма миллий жойбары шеңберинде «Жаңа терек — жаңа өмир» республикалық экочемпионаты;

(Дәўамы 2-бетте).

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПРЕЗИДЕНТИ ВЕНГРИЯ ҲӘМ СЛОВЕНИЯҒА БАРАДЫ

19-22-май күнлери Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзийеўтиң Венгрия ҳәм Словения Республикасына рәсмий сапарлары болып өтеди.

Өзбекстан жетекшиси Венгрия Бас министри Виктор Орбаның мирзат етиўине бола, 19-май күни Будапештке келеди.

Жоқары дәрежедеги сөйлесиўлер, Венгрия рәсмийлери ҳәм жетекши компаниялардың басшылары менен ушырасыўлар болып өтеди.

Күн тәртибинен еки мәмлекет арасындағы әмелий бирге ислесиў ҳәм стратегиялық шериклик қатнасықларды және де кеңейтиў мәселери орын алған.

Мәмлекетимиз басшысы 21-май күни Венгрия пайтахтында Түркий мәмлекетлер шөлкеминиң рәсмий емес саммитинде қатнасады.

Президент Шавкат Мирзийеў 22-май күни Любляна қаласында Словения Президенти Наташа Пирц Мусар менен ушырасады, усы мәмлекеттің парламенти ҳәм ҳүкимет басшысы менен сөйлесиўлер өткереди, бирге ликтеги исбилермеклик илаждарында қатнасады.

Өз-ара пайдалы саўда-экономикалық бирге ислесиўди раўажландырыў, фармацевтика, санаат, азық-аўқат ҳәм токымашылық тармақларында кооперация жойбарларын әмелге асырыў, мийнет миграциясы тараўында бирге ислесиў ҳәм гуманитарлық байланыслардағы кеңейтиў мәселелери көрип шығылады.

ӨзА.

ӨЗБЕКСТАН ҲӘМ БМШ: БАРЛЫҚ ТАРАЎЛАРДА ӨЗ-АРА ПАЙДАЛЫ ҚАТНАСЫҚЛАР ЖӘНЕ ДЕ КЕҢЕЙТИЛЕДИ

Олий Мажлис Сенатына БМШ Бас хатки ринин Жаслар мәселелери бойынша орынбасары, БМШ Жаслар бюросының басшысы Фелице Пауэлер келди.

Сенат Баслығы Танзила Нарбаева менен ушырасыўда Өзбекстан ҳәм БМШ арасындағы бирге ислесиўди және де кеңейтиў, соның ишинде, жаслар парламентлери арасында халықаралық сөйлесиўди күшейтиў, экология, жасалма интеллект ҳәм санлы билимлендириў тараўларында бирге ликтеги жойбарларды әмелге асырыў бойынша пикир алысылды.

Мәмлекетимиз басшысының басламасы менен 2026-жылы Самарқанд қаласында Жас парламент ағзаларының халықаралық форумын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў бағдарында бирге ислесиў ҳәм онда БМШ Бас хатки ринин жаслар мәселелери бойынша әҳмийетли басламалар менен қатнасыўға мирзат етилди.

Ушырасыўда БМШ «Жаслар - 2030» стратегиясынын мазмунмәнниси, оның шеңберинде жаслар ға байланыслы мәселелерди алға қойыўдағы тийкарғы бағдарлар додаланды.

Өзбекстанда жаслар ға байланыслы мәмлекетлик сиясатты қалыплестириў ҳәм әмелге асырыў бағдарындағы тийкарғы бағдарлар, түпкилиқти реформалар ҳәм әмелий нәтийжелерге тоқтап өтилди. Атап айтқанда, мәмлекет халқы қурамында жаслардың үлеси 55 процеттен артқанын есапқа алып, олардың ҳуқықлары менен мәплерин тәмийнлеў мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарына айланғаны атап өтилди.

Дослық руўхында өткен сөйлесиў жуўмағында Өзбекстан ҳәм БМШ арасында барлық тараўларда өз-ара пайдалы қатнасықлары буннан былай да кеңейтиўге келисип алынды.

Норгул АБДУРАИМОВА,
ӨзАнық хабаршысы.

ИСБИЛЕРМЕНЛЕРДИҢ БАСЛАМАЛАРЫ ҚОЛЛАП-ҚУЎАТЛАНБАҚТА

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Аманбай Орынбаев жаңа жумыс орынларын жаратыў, инвестициялық жойбарларды әмелге асырыў, пуқаралардың қосымша дәрамат алыўына жәрдем бериў бағдарында әмелге асырылып атырған жумыслар менен таныслығ мақсетинде Қоңырат районына барды.

Дәслеп, Жоқарғы Кеңес Баслығы «Алмазар» мәкан пуқаралар жыйыны аймағында «ULUGBEK KIYET» ЖШЖ тәрепинен ислеп шығарылатуғын автомобильлерге хызмет көрсетиў орайы жумысы менен таныслы.

Өзбекстан Республикасы Президентинин Қарақалпақстан ушын өз алдына қабыл етилген 129-санлы пәрманы тийкарында жаңа хызмет көрсетиў объекти ушын жер майданы тиккелей ажыратып берилгенлигин атап өтиў керек. Жойбар ислеп шығарылыўы нәтийжесинде 15 жаңа жумыс орны жаратылды.

Буннан соң республикамыз басшысы Президентимиздиң жоқарғы Пәрманы тийкарында жер майданы ажыратылып, жаңадан қурылып атырған «Regal Bereket Team» ЖШЖ-ниң саўда орайы, сондай-ақ, жеңилетилген кредит қаржылары тийкарында жаңадан ислеп шығарылатуғын «PRODUCT» ЖШЖ мебель ушын таяр өним ислеп шығарыў жойбарының улыўма баҳасы 1 млн. доллар болып, бүгинги күни бул жерде 50 адам жумыс менен тәмийнленген. Өнимлер тийкарынан экспортқа бағдарланбақта. Қәрхана өз жумысын еле де кеңейтиў мақсетинде бажыхана жеңиллигинен пайдаланып келмекте.

«Ҳаким ата» МПЖда жасаўшы Шухрат Қудайбергенов та жеңилетилген кредит қаржылары тийкарында мебель ислеп шығарыў жойбарын ислеп түсирип, өз қәрханасында қосымша 6 адамның бәнтлиги тәмийнилеўге ерисken.

Жоқарғы Кеңес Баслығы исбилермеклик субъектлери жумыслары менен жақынан танысып, басламашылар менен пикирлести ҳәм олардың жумыслары бәркулла қоллап-қуўатланатуғынлығын атап өтти. Өз гезегинде, бизнес ўәкилдери де Қарақалпақстанда исбилермеклиқти раўажландырыў бойынша берилген жеңилликлер ушын Президентимизге шексиз миннетдаршылығын билдирди.

Усылар менен бир қатарда, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Аманбай Орынбаев Қоңырат районындағы «Қоңырат» АПЖ аймағында жасалуўы қыйтақ жер ийеси Турғанбай Оразбаев, өз брендине ийе «Сарби-Рамазан» биогумус ислеп шығарыў фирмасы ийеси, «Санаат» мәкан пуқаралар жыйыны турғыны Байрамбай Дәўлетияров, сондай-ақ, пах хәррешилик менен шуғылланып атырған Мансур Джуманиязовтың жумыслары менен танысты.

Қыйтақ жерлериндеги өним алыў бойынша шөлкемлестирилген жумыслары көзден өткерип, аз ғана жерди жоқары дәрамат дегрине айландырыўға қаратылған бундай тәжирийбелер көпшиликке үлги болыўы кереклигин атап өтти.

Аманбай Орынбаев «Ҳәр бир шаңарақ исбилермен» бағдарламасы шеңберинде жеңилетилген кредит алып, өз үйинде мебель ислеп шығарыўды жолға қойған Бегзад Ашировтың жумысларын барып көрип, исбилермеклигин кеңейтиў бойынша усыныслар берип, елимизде исбилермеклер бәркулла қоллап-қуўатланатуғынлығы атап өтилди.

Сапар дәўамында, республикамыз басшысы «Киёт» АПЖ аймағында «O'zsanoatqurilishbank» тәрепинен «Бир контур, бир өним» өлшеми тийкарында 15 гектар жер майданында әмелге асырылып атырған жойбарды барып көрди. Бул жойбарға бириктирилген пуқаралардың қосымша дәрамат алыўына жәрдем бериў бойынша жуўапкерлерге тапсырмалар берилди.

Сондай-ақ, Жоқарғы Кеңес Баслығы «Алмазар» МПЖ аймағындағы социаллық үй турғынлары менен де ушырасып, олардың машқалаларын тыңлады ҳәм жуўапкерлерге көтерилген мәселелерге тез пурсатта унамлы шешим табыў бойынша тапсырмалар берди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги.

Сканировано с CamScanner

(Дәўамы.
Басы 1-бетте).

(б) хәр айда бир мәрте «Мәҳәллелерди шығындыдан жырақ аймаққа айландырамыз» сүрени астында акциялар, үгит-нәсиятлаў илажлары.

Жоқары билимлендириў, илим хәм инновациялар министрлиги, Жаслар ислери агентлиги, Мектепке шекемги хәм мектеп билимлендириў министрлиги Экология министрлиги менен биргеликте «Тәбиятты қорғаў ҳаққында»ғы Нызамда белгиленген барлық түрдеги билимлендириў мәкемелеринде экология оқыўының мәжбуриийлиги ҳаққындағы талапты толық әмелге асырыў мақсетинде:

(а) 2025-2026-оқыў жылынан баслап илимий жумысқа байланыслы мәмлекетлик бағдарламалар шеңберинде орынланатыған илимий жойбарлар таңлаўында қалқтың экологиялық мәдениятын арттырыўды илимий-әмелий жақтан изертлеўге байланыслы темаларды хәр жылы әҳмийет бергиў;

(б) жоқары билимлендириў мәкемелери студентлери тәрепинен Өзбекстан эковолонтёр студентлериниң әҳмийетли шолкемлестирсин;

Экология министрлиги, Жоқары билимлендириў, илим хәм инновациялар министрлиги, Илимлер академиясы хәм Жаслар ислери агентлигинин экология бағдарында илимий изленуўлер алып барып атырған, Өзбекстан хәм сырт мәмлекетлерде билим алып атырған ўатанлас студентлер хәм илимпазлардың бирлестиретуўын «Экология илимпаздар әмийети» мәмлекетлик емес коммерциялық емес шолкемин шолкемлестириў ҳаққындағы усынысына келисим берилсин. Онда:

(а) Экология министрлиги ўш ай мүддетте «Эколог илимпаздар әмийетшилиги» белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткерилиўин тәмийинлесин.

(б) Олий Мәжлис жанындағы Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шолкемлерди хәм пуқаралық әмийетинин басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў әмийетлик фондына Экология министрлигинин буйырпасы тийкарында «Эколог илимпаздар әмийетшилиги»не зәрүр қаржылар ажыратып барыў усынысы етилсин.

2030-ЖЫЛҒА ШЕКЕМГИ ДӘЎИРДЕ ХАЛЫҚТЫҢ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МӘДЕНИЯТЫН АРТТЫРЫЎ КОНЦЕПЦИЯСЫН ТАСТЫЙЫҚЛАЎ ҲАҚҚЫНДА

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПРЕЗИДЕНТИНИҢ ҚАРАРЫ

2025-жыл 1-августтан баслап соңдай тәртип орнатылсын, оған муўапық Мәмлекетлик экологиялық қадағалаў инспекциясы мәмлекетлик инспекторлары төмендеги жағдайлар анықланғанында оператив қадағалаў илажларын тәкерриўлер баслағанынан соң жигирма төрт саат ишинде «Бирден-бир мәмлекетлик қадағалаў» мәлимлеме системасында дизимнен өткериў арқалы Исбилермеклик субъектлериниң ҳуқықлары менен нызамлы мәпелерин қорғаў бойынша ўәкилди хабарлар етиў тәртибинде әмелге асырады:

(а) юридикалық тәреплердиң өз аймағында имаратлары, қурылмалары ямаса басқа объектлерди қуриў, реконструкциялаў жақтында белгиленген талапларды бузып, химиялық, биологиялық қуралларды қолланған ҳалда тереклерди, путаларды ямаса басқа өсимликлерди қастан зыянлаў, басқылаў ямаса жоқ етиў;

(б) олшеми бес жүз квадрат метр ҳәм оннан артық болған қурылыс майданында, оған тутасқан аймақта хәм оннан шығыў жолларында шаң хәм қум болекшелериниң ҳаўаға көтерилиўин сапластырыўға байланыслы мәжбуриий талапларды бузыў ямаса усы аймақларда пасластыўы зәтлардың жол қойылатыған шегарадағы нормативлерден артықша дәрежеде атмосфера ҳаўасына шығарылыўына жол қойыў;

(в) ярым еркин шараятларда, жасалма жаратылған жасаў орталығында ямаса тутқында сақланыўы қадаған етилген жабайы ҳайўанларды сақлаў.

VI. Қарардың орынланыўын шолкемлестириў, тәмийинлеў хәм қадағалаў

11. Халықтың экологиялық мәдениятын арттырыўда парламенттиң ролин арттырыў мақсетинде Олий Мәжлис Нызамшылық палатасына төмендегилер усыныс етилсин:

(а) Өзбекстан Экологиялық партиясы фракциясының усынысы менен усы қарар менен тастыйықланып атырған Концепция, «жол картасы» хәм мақсетли көрсеткишлерге (индикаторларға) ерисиў бойынша илажлардың әмелге асырылыўы ҳаққында мәмлекетлик уйымлар басшыларының мәлимлемесин тыңлаў;

(б) халықаралық тәжирийбени үйрениў ҳалда экология тараўындағы ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў бойынша нызам ҳүжжетлерин жетилистириўге қаратылған усынысларды ислеп шығыў.

12. Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық хәм қалалық Кеңеслерине Экология министрлигиниң аймақлық бөлимлери басшыларының хәм жергиликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары басшыларының халықтың экологиялық мәдениятын арттырыў бағдарында әмелге асырылып атырған илажларының нәтийжеси, соңдай-ақ, аймақларда қоршаған орталықтың жағдайы ҳаққындағы есабатларын хәр жылы тыңлап барыў усыныс етилсин.

13. Экология министрлиги:

(а) Мәлимлеме хәм ғалаба коммуникациялар агентлиги менен биргеликте «жасыл тутыныў» мәдениятының күнделикли қәнийдаларын билиў, тәбийғый ресурсларды ысырап етпеў сыяқлы халқымыздың миллий үрп-әдет хәм қадириятларын үгит-нәсиятлайтуўын социаллық мәлимлеме ғалаба хабар қуралары, сыртқы реклама хәм мәлимлемени тарқатыўшылар тәрепинен әҳмийленыўын (жайластырылыўын) шолкемлестирсин;

(б) усы қарар менен тастыйықланып атырған Концепция хәм «жол картасы»нда нәзерде тутылған илажлардың өз ўақтында хәм нәтийжели орынланыўын, соңдай-ақ, мақсетли көрсеткишлерге (индикаторларға) ерисилиўин тәмийинлеў мақсетинде:

(и) бир ай мүддетте Өзбекстан экологиялық партиясы менен келисилген ҳалда экология, климат өзгериўи, тоғай хожалығы хәм туризм тараўындағы министрликлер хәм уйымлардың жумысының 2025-жыл ушын ең әҳмийетли нәтийжелилик көрсеткишлериниң (KPI) Концепция, «жол картасы»нда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы хәм мақсетли көрсеткишлерге (индикаторларға) ерисилиўи есапқа алыныўын нәзерде тутатыған нормативлик-ҳуқықый ҳүжжеттин жойбарын белгиленген тәртипте Министрлер Кабинетине киргизсин;

(ii) экология, климат өзгериўи, тоғай хожалығы хәм туризм тараўындағы министрликлер хәм уйымлардың жумысының 2030-жылға шекемги дәўирдеги ең әҳмийетли нәтийжелилик көрсеткишлериниң (KPI) Концепция, «жол картасы»нда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы хәм мақсетли көрсеткишлерге (индикаторларға) ерисилиўи есапқа алыныўын тәмийинлесин;

(в) мәпдар министрликлер хәм уйымлар менен биргелikte еки ай мүддетте нызамшылық ҳүжжетлерине усы қарардан келип шығатыған өзгерислер хәм қосымшалар ҳаққында Министрлер Кабинетине усыныслар киргизсин;

14. Кинематография агентлиги ўш ай мүддетте Экология министрлиги менен биргеликте пуқаралар, соның ишинде, жаслар хәм балалар ушын экологиялық темаларда хәм «жасыл тутыныў» мәдениятының күнделикли қағыйдаларын билиў, тәбийғый ресурсларды ысырап етпеў сыяқлы халқымыздың миллий үрп-әдет хәм қадириятларын үгит-нәсиятлайтуўын социаллық мәлимлеме, мультипликациялық хәм анимациялық фильмлердиң жаратылыўын шолкемлестирсин.

15. Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясы хәм Өзбекстан Миллий мәлимлеме агентлиги ғалаба хабар қуралары менен биргеликте турақлы түрде:

(а) экологиялық темаларды системалы хәм аналитикалық жақтан сәўлелендирип барыў және халқты экологиялық нызамларға ҳүрмет руўхында тәрбийалаўға байланыслы телекөрсетиўлер хәм шығыўлар көлемин кеңейтиўди;

(б) Концепция хәм «жол картасы»н әмелге асырыў нәтийжелериниң ғалаба хабар қуралларында, соның ишинде, Интернет жәҳән мәлимлеме тармағында хәм социаллық тармақларда кең түрде талқыланып барылыўын және олардың мазмун-мәниси әжмийетшиликке түсиндириліўин;

(в) Концепция хәм «жол картасы» шеңберинде әмелге асырылып атырған барлық илажлардың орынланыўы хәм нәтийжелери ҳаққында қалыс хәм толық мағлыўматлардың халыққа жеткиз түрде жеткериліўин тәмийинлесин.

Усы қарардың орынланыўын нәтийжели шолкемлестириўге жуўапкер хәм жеке жуўапкер етип экология, қорғаған орталықты қорғаў хәм климат өзгериўи министри А.А.Абдуҳакимов белгиленсин.

Усы қарардың орынланыўын додалап барыў, орынлаў ушын жуўапкер уйымлардың жумысын муўапықластырыў хәм қадағалаў Өзбекстан Республикасының Бас министри А.Н.Ариповқа жүкленсин.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.МИРЗИЁЕВ.
Ташкент қаласы,
2025-жыл 15-май.

ИСБИЛЕРМЕНЛЕРДИҢ МАШҚАЛАЛАРЫ ӨЗ ОРНЫНДА ШЕШИЛМЕКТЕ

Усы жылдың 18-май күни Қанлыкөл районында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кенесинин Баслығы Аманбай Орынбаевтың Мойнақ, Қоңырат, Шоманай хәм Қанлыкөл районындағы исбилермендери қыйнап қыятырған машқалалар хәм усыныслары бойынша көшпели қабылдаў болып өтти.

Дәслеп Жоқарғы Кенес Баслығы тәрепинен бүгинги күни Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев тәрепинен Қарақалпақстанда исбилермеклик рәўажландырыў хәм қоллап-қуўатлаў, инвестициялық тартымлылықты арттырыў бойынша айрықша қабыл етилген пәрман хәм қарарлары тийкарында жаратылған имканиятлар кең түрде атап өтилди.

Буннан соң исбилермендиң мүрәжатлары тыңланып, оларды өз орнында шешиў илажлары көрилди.

Қабыллаўда тийкарынан исбилермеклити рәўажландырыў бағдарында ушырасып атырған машқалалар, қаржыландырыў хәм кредит ажыратыў мәселелери, кадастр ҳүжжетлерин рәсмийлестириў, жер ордыларын ажыратыў, бюрократизмлық тосқынлықлар, өндирис хәм оны кеңейтиў бағдарында мүрәжатлар билдирилди.

Билдирилген мүрәжатлардың басым көпшилигине орнында шешимин табыў илажлары көрилди. Буннан тысқары, ўақыт талап етилетуғын мүрәжатлар Жоқарғы Кенес, Баслығының жеке қадағалаўына алынып, тез пурсатта унамлы шешиў бойынша тийисли тараў басшыларына тапсырмалар берилди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги.

ҒАЎАША КЕСЕЛЛИКЛЕРИ ҲӘМ ОЛАРҒА ҚАРСЫ ГҮРЕС ИЛАЖЛАРЫ

Ғаўашаның бүгинги күнде ҳәўиж алыўы мүмкин болған солыў яки вилт, тамыр шириў, гоммоз сыяқлы кеселликлери болып, ҳәзирги ўақытта усы кеселликлердиң алдын алыў бойынша әмелге асырылатыған агротехникалық илажлар онымнің толық хәм сапалы болыўына тийкар жаратады.

Ғаўашаның солыў яки вилт кеселлигин алып қарасақ, бул кеселлик қозғатыўшының түрине қарап, солыў кеселлиги вертициллез хәм фузариоз вилтине болинеди. Кеселликтиң сыртқы белгилери осимликтиң гүмшалаў ямаса гүллеў фазасында көринеди. Дәслеп төменги болиминдеги жапырақлара көп өўнешли яки шеңбер тәризли ашық-жасыл, кейин сарғыш дақлар пайда болады. Кеселлик белгилери жапырақлардың қырында, жапырақ тамыры аралығында ямаса пүткил жапырақ бетинде пайда болады. Зыянланған жапырақ қоңыр реңге кирип, қуўрайды баслайды хәм түсип кетеди. Кеселликтиң ишки белгилери кеселленген осимликтиң пақалын кесесине кесип қаралғанда, оның ағашлық болими қарайып, некроз пайда етканде көриў мүмкин.

Фузариоз вилти. Кеселлик жиңишке талшықлы ғаўашаның наллери пайда болған дәўиринен баслап, пүткил вегетация дәўмында бақланады. Кеселликтиң белгиси наллердиң жапырақларында сарғыш дақлар пайда болып, жапырақ тамыры торға ўқсас көринеди. Дәслеп кеселленген осимликлердиң буўын аралары қысқарып, тамыр мойны жуўанласады, ушқы жапырақлары зыянланбай сақланып қалады.

Ғаўашаның тамыр шириў кеселлиги. Республика шараятында ғаўашаның әпиўайы хәм қара тамыр шириў кеселликлери ушырасады. Кеселлик шигит өнип шыққан дәўирден баслап 3-4 ҳақыйқый жапырақ пайда еткенге шекем дәўам етеди. Кеселликтиң дәслепки белгилери әпиўайы тамыр шириўде наллердиң тамыр мойнында тоқ баўыр реңдеги дақ пайда болыўдан басланып, кейининен шириўди.

Гоммоз кеселлиги. Кеселлик осимликтиң барлық жер үсти әзаалары, жапырақ, туқым үлеси жапырақшалар, пақал, гүл, горек ҳәм талшығын кеселленди. Кеселликтиң тийкарғы белгиси осимликтиң зыянланған органларында, май тәризли тамшыларын пайда болыўынан басланады. Жапырақта дәслеп өўнешли дақлар пайда болады. Жапырақтың бет формасы өзгерип, жапырақ аяқшасында қоңыр дақлардың пайда етеди.

Қарсы гүрес илажлары: азотлы хәм калийли тоғынлер осимликтиң кеселликке шыдамлылығын арттырады, ғаўаша атызларына жоғышқаны алмаслап егиўде пайдаланыў кеселликти азайтады. Туқымды зыянланбаған осимликлерден таярлаў, оны егиўден алдын фунгицидлер менен қайта ислеў, топырақты терең суриў, ғаўашаның қалдықларын жийнастырып алып атыздан шығарып таслаў пайда береди.

Қарсы гүрес илажлары: агротехникалық илажларға әмел етиў, айрықша сапалы дәрилеңлер тийкарында ислеў, сийреклетиў хәм қатыўашқа қарсы гүресиўди өз ўақтында өткериў, алмаслап егиўге әмел етиў ҳәм ғаўаша пақалының қалдықларын тамыры менен атыздан шығарып таслаў.

Ғаўаша кеселликлерине қарсы қолланылатыған фунгицидлер дизими:

ZEREBRA к.е (75-100 мл/т+150-200 мл/га) егис алдынан туқымды қайта ислеўде қолланылады.

СПОРАГИН с.э.к (2,0 л/т+2,0 л/га, 2,0 л/га) егистен алдын туқымды дәрилеўде хәм 2 мәрте осимликтиң осиў дәўиринде бүркиў жолы менен, мәўсимде 3 мәртеге шекем қолланылады (фузариоз, вилт хәм топырақтағы инфекциялар азайтады).

ТРИХОДЕРМИН н.күк (0,2 кг/т+0,3 кг/га) осимликтиң осиў дәўиринде бүркиў жолы менен, мәўсимде 3 мәртеге шекем қолланылады (фузариоз, вилт хәм топырақтағы инфекциялар азайтады).

Осимликлер карантини хәм қорғаў илимизертлеў институты.
Қарақалпақстан Республикасы филиалы.
Қарақалпақстан хабар агентлиги.

АЙМАҚТЫ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ КЕҢ ТҮРДЕ ТАЛҚЫЛАНДЫ

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кенесинин Баслығы Аманбай Орынбаев республикалық хәм районлық мәкеме-шолкемлердин жуўапкерлери қатнасыўында Қоңырат районын рәўажландырыў мәселелерине арналған мәжилис өткерди.

Мәжилисте дәслеп, Өзбекстан Республикасы Президентинин ПҚ-132-санлы қарары менен Қоңырат районын 2025-2026-жылларда жедел комплексли рәўажландырыў бағдарламасы шеңберинде әмелге асырылыўы тийис ўазыйпалар кең түрде сөз етилди.

Буннан соң районды социаллық-экономикалық жақтан рәўажландырыў, кәмбағаллықты қысқартыў, халықтың бәнтлигин тәмийинлеў хәм инвестициялық жойбарларды әмелге асырыў бағдарындағы әмелге асырылып атырған жумыслар, халықтың абадан жасаўы ушын мүнәсип турмыс шараятын тәмийинлеў, жаңа жумыс орынларын жаратыў, абаданластырыў жумысларын алып барыў сыяқлы белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы мәселелери көрип шығылды.

Өзбекстан Республикасы Президентинин арнаўлы Пәрман хәм қарарлары тийкарында, районды хәр тәреплеме рәўажландырыў бойынша арнаўлы бағдарлама шеңберинде бир қатар ўазыйпалар белгилен берилгенлигин атап өтиў орынлы. Буның ушын қаржы дереклери ҳәм имканиятлар да жаратылған.

Бирақ, айырым орынлардағы мәкеме-шолкем басшылары хәм жуўапкерлер, соңдай-ақ, мәҳәлле бесендилери тәрепинен бир қатар қәте-кемшиликлерге жол қойылмақта.

Атап айтқанда, мәҳәлледеги жумысларды әмелде орынланыўы, берилген есабатларда қосып жазыўларға жол қойылғанлығы, абаданластырыў, пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарында илажлардың талап дәрежесинде емеслиги сынға алынды хәм жуўапкерлер ескертилип, айырымларына интизамий жаза шарасын қолланыў бойынша тапсырмалар берилди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги.

МӘМЛЕКЕТЛИК ХЫЗМЕТЛЕР БАҒДАРЫНДАҒЫ ЖАҢАЛЫҚЛАР

Соңғы жыллары хәр бир тараўда қуй сайын жаңалықлар жүз бермекте. Солар қатары мәмлекетлик хызметлер бағдарында да пуқаралар ушын жақсы қолайлылықлар жаратылмақта. Хабарыңды болса, натурар кошпес мүлкти басқа шахсқа өткериў бойынша Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетинин 2024-жыл 29-ноябрь күнги 795-санлы қарары менен «Натурар кошпес мүлкти басқа шахсқа өткериўге тийисли шәртнамаларды рәсмийлестириў хәм оған болған ҳуқықларды мәмлекетлик дизимнен өткериў бойынша композит мәмлекет хызметин көрсетиўдиң» ҳәкимшилик регламенти тастыйықланды. Усы ҳәкимшилик регламент юридикалық шахслар арасында натурар кошпес мүлкти пүтинлигинше басқа шахсқа өткериўге тийисли еки тәреплеме шәртнамалары рәсмийлестириў хәм оларға болған ҳуқықларды мәмлекетлик дизимнен өткериў бойынша мәмлекет хызметин көрсетиў тәртибин белгилейди. Бунда юридикалық шахслар арасында натурар кошпес мүлкти пүтинлигинше басқа шахсқа өткериўге тийисли еки тәреплеме шәртнамаларды рәсмийлестириў хәм оларға болған ҳуқықларды мәмлекетлик дизимнен өткериў бойынша мәмлекет хызметин көрсетиў режими белгиленген. Соңдай-ақ, юридикалық шахслардың баслықлары ямаса олардың ўәкиллери мәмлекет хызметинен пайдаланыў ушын Мәмлекетлик хызметлер Орайына өзи келип мүрәжат етиўи керек. Тийкарынан юридикалық шахслардың ўәкиллери тийкарғы жумыс орны бойынша бул шолкемде ислеп атырған, болыўы тийис. Және де айта кететуғын нәрсе, мәмлекет хызметинен пайдаланыў ушын шәртнамада қатнасыўшы тәреплер бир ўақыттың өзинде Мәмлекетлик хызметлер Орайында болыўы керек. Арза бериўшилердиң Ф. И. О., ЖШШИР хәм паспорт (ID-карта) мағлыўматлары FACE-ID системасы арқалы автоматикалық түрде анықланады. Орай хызметкерлери арза бериўшилер атынан натурар кошпес мүлкти басқа шахсқа өткериў шәртнамасын электрон формада толтырады. Бунда арза берериўшилердиң шахсы FACE-ID системасынан идентификация етилгенлиги шәртнама олар тәрепинен қол қойылғанлығын тастыйықлайды.

Ш.МАМБЕТСАПАЕВ,
Нөкис қалалық Мәмлекетлик хызметлер орайы жетекши қәнигеси.

Сканировано с CamScanner

МҮНӘСИБЕТ

ТАРАЎДАҒЫ МАШҚАЛАЛАР СЫНҒА АЛЫНДЫ

«Дуньяда далилледи талап етпейтуын бир ҳақыйқат бар: ҳар қандай мәмлекеттиң раўажланыўы саламат ҳәм билимли әўладқа байланысы». Соның ушын, Жаңа Өзбекстанды қуриў жолында саламат, билимли, терең пикирлейтуўшы, ўатансүйгиш жаслары тәрбиялаў ушын барлық шараятлары жаратыўымыз шәрт ҳәм әҳмет», деп атап өтти мәмлекетимиз басшысы.

Кейнеги 7 жылда мектепке шекеми ҳәм мектеп билимлендириўи ушын қарыз 7 есеге артырылғаны, усы жылы оған 60 триллион сум қаратылып атырғаны атап өтилди.

Президент тараўдағы бүгинги жуз берип атырған машқалаларға бирме-бир токтап, шешиў жоллары бойынша әҳмийетли усыныслар билдирип, ашық ўазыйпалар жүкледи. Атап айтқанда, билимлендириў бағдарламалары ең алдыңғы мәмлекетлердиң тәжирийбесине бейимлестирилмекте, сабақлықлар жаңаланбақта, мектеплерге заманағой үскенелер алып берилмекте, бирақ, системадағы мүтәлимлердиң жаңа методикаларды өзлестириўи, билимлендириўдиң сапасын тәмийнлеў дәрежеси сораў астында.

Мәселен, еки жыл алдын категория бериў системасы ашық-айдын, санластырылған пластформага өткени ҳақыйқый жағдайды көрсетти.

Өткен жылы 341 мың мүтәлим жана система тийкарында категорияға ийтихан тапсырған болса, соннан 102 мыңы өте алмағаны атап өтилди.

Жумыска қабыл етиўде диплома қарап емес, билим ҳәм мәмлекетлик баҳалаў системасына өтилди. Бул арқалы 13 мың талабаннан 6 мыңы билими қанаатландырарсыз болғаны ушын жумыска кире алмаған.

Ямаса 61 жеке меншик жоқары оқыў орнында педагог-кадрлар оқытылып атырғаны менен хеш биринде химия, биология ҳәм физика пәнлери бойынша мүтәлим таярланбайды.

Өткен жылы 1,5 мың мектепте Президент ҳәм қәнигелестирилген мектептердиң билимлендириў бағдарламасы енгизилди. Соннан 300ниңе заманағой лаборатория ҳәм оқыў үскенелериниң жоқ екенлиги атап өтилди.

Дөўқонобод, Гузор, Косонсой, Мингбулақ, Уйчи, Гулистон, Сардоба, Ховос, Бойсун, Денов, Шўрчи, Музработ, Бувайда, Дангара, Ҳазорасп, Хонқа районлары ҳәкимлерине биреўден мектепти усы системаға бейимлестириў тапсырмасы берилген еди. Бирақ, олар кәсипке оқытыў ушын зәрур үскене, шийки зат алып бермегенлиги сынға алынды.

Ҳәзирги ўақытта 7-11-класс оқыўшылары күнине 8 саатқа шекем ўақтын телефонда социаллық тармақларда өткерип атырғаны мектеп директоры ҳәм мүтәлимди де, ата-аналарды да ойландырыўы зәрур екенлиги атап өтилди. Ямаса ўәлаятларда, әсиресе, Наманганда оқыўшыларға автомобильди ижарага бериў хәўеж алғаны ақыбетинде, әр айда 10-15 жас майып болып қалмақта. Өлим менен тамамланып атырған жағдайлар да көп.

Ишки ислер бөлимлери басшылары, ўәлаят, район прокурорлары нызам үстинлигин тәмийнлеўде немқурайлылыққа жол қойып атырғаны көрсетип өтилди.

Усы мүнәсибет менен балаларға машқа басқарыўды бергенлик ушын жуўапкершиликти күшейтиў бойынша нызам жойбарын таярлаў тапсырылды.

Мектепке шекеми ҳәм мектеп билимлендириўи министрлигине путкил системасы менен «айрықша тоқсан күнлик» тәртибинде иследе өтиў тапсырмасы берилди.

«Билимлендириўде сапа болыўы ушын бәринен бурын педагогларды таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў системасы оған таяр болыўы керек», деди Президент мәжилисте. Бул бағдарда Авлоний атындағы қәнигелигин арттырыў институты трансформацияланып, онын 13 әймақлық орайының қайта шолкемлестирилетуўына белгиленди.

Низамий атындағы жоқары оқыў орны — Миллий педагогика университети сыпатында таяныш жоқары оқыў орны, онынректоры болса бир ўақыттың өзинде кадрлар таярлаў бойынша министрдиң орынбасары есапланады. Әймақлардағы 12 педагогикалық жоқары оқыў орны да ММТВ системасына өткерилди.

Педагог, студент ҳәм оқыўшылардың билим ҳәм қонликпелерин баҳалаўдың бирден-бир системасы жаратылып, бийғәрез түрде Білим Педагогикалық шеберлик ҳәм халықаралық баҳалаў орайы шолкемлестириледи.

Енди жуўапкерлер жаратылған имканятлар тийкарында кадрлар таярлаў, мәмлекетлик ийтихан тапсырмаларын арттырыў ҳәм оларды баҳалаў бойынша путкилдей жаңа системаны енгизиўге белгиленди. Бунаннан былай барлық педагогикалық жоқары оқыў орынларының жумысы түп-тийкарынан өзгертуўы ҳәм оқыў үскенелериниң жоқ екенлиги атап өтилди.

Дөўқонобод, Гузор, Косонсой, Мингбулақ, Уйчи, Гулистон, Сардоба, Ховос, Бойсун, Денов, Шўрчи, Музработ, Бувайда, Дангара, Ҳазорасп, Хонқа районлары ҳәкимлерине биреўден мектепти усы системаға бейимлестириў тапсырмасы берилген еди. Бирақ, олар кәсипке оқытыў ушын зәрур үскене, шийки зат алып бермегенлиги сынға алынды.

Ҳәзирги ўақытта 7-11-класс оқыўшылары күнине 8 саатқа шекем ўақтын телефонда социаллық тармақларда өткерип атырғаны мектеп директоры ҳәм мүтәлимди де, ата-аналарды да ойландырыўы зәрур екенлиги атап өтилди. Ямаса ўәлаятларда, әсиресе, Наманганда оқыўшыларға автомобильди ижарага бериў хәўеж алғаны ақыбетинде, әр айда 10-15 жас майып болып қалмақта. Өлим менен тамамланып атырған жағдайлар да көп.

Ишки ислер бөлимлери басшылары, ўәлаят, район прокурорлары нызам үстинлигин тәмийнлеўде немқурайлылыққа жол қойып атырғаны көрсетип өтилди.

Усы мүнәсибет менен балаларға машқа басқарыўды бергенлик ушын жуўапкершиликти күшейтиў бойынша нызам жойбарын таярлаў тапсырылды.

Мектепке шекеми ҳәм мектеп билимлендириўи министрлигине путкил системасы менен «айрықша тоқсан күнлик» тәртибинде иследе өтиў тапсырмасы берилди.

«Билимлендириўде сапа болыўы ушын бәринен бурын педагогларды таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў системасы оған таяр болыўы керек», деди Президент мәжилисте. Бул бағдарда Авлоний атындағы қәнигелигин арттырыў институты трансформацияланып, онын 13 әймақлық орайының қайта шолкемлестирилетуўына белгиленди.

Низамий атындағы жоқары оқыў орны — Миллий педагогика университети сыпатында таяныш жоқары оқыў орны, онынректоры болса бир ўақыттың өзинде кадрлар таярлаў бойынша министрдиң орынбасары есапланады. Әймақлардағы 12 педагогикалық жоқары оқыў орны да ММТВ системасына өткерилди.

Педагог, студент ҳәм оқыўшылардың билим ҳәм қонликпелерин баҳалаўдың бирден-бир системасы жаратылып, бийғәрез түрде Білим Педагогикалық шеберлик ҳәм халықаралық баҳалаў орайы шолкемлестириледи.

Енди жуўапкерлер жаратылған имканятлар тийкарында кадрлар таярлаў, мәмлекетлик ийтихан тапсырмаларын арттырыў ҳәм оларды баҳалаў бойынша путкилдей жаңа системаны енгизиўге белгиленди. Бунаннан былай барлық педагогикалық жоқары оқыў орынларының жумысы түп-тийкарынан өзгертуўы ҳәм оқыў үскенелериниң жоқ екенлиги атап өтилди.

Президент тараўдағы бүгинги жуз берип атырған машқалаларға бирме-бир токтап, шешиў жоллары бойынша әҳмийетли усыныслар билдирип, ашық ўазыйпалар жүкледи. Атап айтқанда, билимлендириў бағдарламалары ең алдыңғы мәмлекетлердиң тәжирийбесине бейимлестирилмекте, сабақлықлар жаңаланбақта, мектеплерге заманағой үскенелер алып берилмекте, бирақ, системадағы мүтәлимлердиң жаңа методикаларды өзлестириўи, билимлендириўдиң сапасын тәмийнлеў дәрежеси сораў астында.

Мәселен, еки жыл алдын категория бериў системасы ашық-айдын, санластырылған пластформага өткени ҳақыйқый жағдайды көрсетти.

Өткен жылы 341 мың мүтәлим жана система тийкарында категорияға ийтихан тапсырған болса, соннан 102 мыңы өте алмағаны атап өтилди.

Жумыска қабыл етиўде диплома қарап емес, билим ҳәм мәмлекетлик баҳалаў системасына өтилди. Бул арқалы 13 мың талабаннан 6 мыңы билими қанаатландырарсыз болғаны ушын жумыска кире алмаған.

Ямаса 61 жеке меншик жоқары оқыў орнында педагог-кадрлар оқытылып атырғаны менен хеш биринде химия, биология ҳәм физика пәнлери бойынша мүтәлим таярланбайды.

Өткен жылы 1,5 мың мектепте Президент ҳәм қәнигелестирилген мектептердиң билимлендириў бағдарламасы енгизилди. Соннан 300ниңе заманағой лаборатория ҳәм оқыў үскенелериниң жоқ екенлиги атап өтилди.

Дөўқонобод, Гузор, Косонсой, Мингбулақ, Уйчи, Гулистон, Сардоба, Ховос, Бойсун, Денов, Шўрчи, Музработ, Бувайда, Дангара, Ҳазорасп, Хонқа районлары ҳәкимлерине биреўден мектепти усы системаға бейимлестириў тапсырмасы берилген еди. Бирақ, олар кәсипке оқытыў ушын зәрур үскене, шийки зат алып бермегенлиги сынға алынды.

Ҳәзирги ўақытта 7-11-класс оқыўшылары күнине 8 саатқа шекем ўақтын телефонда социаллық тармақларда өткерип атырғаны мектеп директоры ҳәм мүтәлимди де, ата-аналарды да ойландырыўы зәрур екенлиги атап өтилди. Ямаса ўәлаятларда, әсиресе, Наманганда оқыўшыларға автомобильди ижарага бериў хәўеж алғаны ақыбетинде, әр айда 10-15 жас майып болып қалмақта. Өлим менен тамамланып атырған жағдайлар да көп.

Ишки ислер бөлимлери басшылары, ўәлаят, район прокурорлары нызам үстинлигин тәмийнлеўде немқурайлылыққа жол қойып атырғаны көрсетип өтилди.

Усы мүнәсибет менен балаларға машқа басқарыўды бергенлик ушын жуўапкершиликти күшейтиў бойынша нызам жойбарын таярлаў тапсырылды.

Мектепке шекеми ҳәм мектеп билимлендириў

ҚАЙЫРҚОМЛЫҚ

КӘМБАҒАЛЛЫҚТАН ПӘРАЎАНЛЫҚҚА ҚАРАЙ

Бүгинги күнде елимизде әмелге асырылып атырған басы мақсетлердиң бири — кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм халықтың пәраўанлығын арттырыў болып есапланады. Ҳүрметли Президентимиздиң басламасы менен халқымыздың турмысын жақсылаўға қаратылған илажлар әмелге асырылмақта. Ҳәзирги ўақытта барлық диққат-итибар «Кәмбағаллықтан пәраўанлыққа қарай» бағдарламасының әмелге асырылыўына қаратылған.

Усы бағдарламаға тийкарланып, Нөкис қаласы нураныйлары қоллап-қуўатлаў қоры басшылығы астында ҳәр бир кәмбағал шаңарақты қоллап, оларға жәрдем бериў, киши бизнес пенен шуғылланыў, керек болса МОНО орайларында бийпул оқытып, бир қәсиптиңийелеў бойынша илажлар ислеп шығылып, мәкан пуқаралар жыйынларынан тәжирийбеге ийе, оларға жәрдем бере алатуғын үш нураный ағаларға 5 кәмбағал шаңарақты бириктириў белгиленген еди. Мине, усы мақсетте бизиң Нөкис қаласы «Дәрбент» мәҳәллесинде үлгили жумыслар ислепбекте. Атап айтқанда, өзим әмийетлик басламада мәҳәлле баслығы нураныйлар бойынша мәслаҳәтшиси есабында усы айтылған 5 шаңарақтан хабар алып, олардың жасаў шараяты, пәрзентлериниң бақша, мектепке барыўын қадағалаў, қолдан келгенше жумыс пенен тәмийнлеў жумысларын алып барып атырмыз. Мысал етип айтатутын болсақ, аймағымыздағы Еркинай Сайпанованың шаңарағында болып, ол 3 айлық МОНО орайға кондитер өнимлерин ислеўге бийпул оқытылып атыр. Соның менен бирге, аймақ турғыны Сапаргүл Қазақбаева орта арнаўлы бухгалтерлик мағлыўматы бар екени, қызы менен туратуғынын айта келип, ол да киши бизнес пенен шуғылланыўына, үйиниң қасынан жер орын ажыратыўын соранды.

Жақында Нөкис қаласы «Нураный» қоры баслығы, «Дослық» орденниң ийеси, Нөкис қалалық Кеңеси депутаты Қараматтиң Қалендеров пенен усы шаңарақларда болып, өз аталық нәсиятларын берди ҳәм оларға Ҳүрметли Президентимиз тәрепинен усы кәмбағал шаңарақларға 750 000 сумлық спорт костюмларын, крассовкалар, сумка, оқыўлық китаплар, сызығы альбомлары берилетуғынын айтып, оларды қуўанышқа боледи. Келешекте биз нураныйлар усындай қайырлы жумыслардағы даўам ете беремиз.

А.НИЕТУЛЛАЕВ,
Нөкис қаласы «Дәрбент» МПЖ баслығы мәслаҳәтшиси.

КӘДИРИЯТ

ЖАС ӘЎЛАД – ЕСЛЕЎДИ ДАЎАМ ЕТТИРИЎШИЛЕР

Ҳәр жылы 9-май мәмлекетимизде Еслеў ҳәм қадирлеў күни сыпатында кең белгиленеди. Бул сәне халқымыздың мәрт батырлары, урыс қатнасыўшылары ҳәм фронт артында қыйыншылық пенен мийнет еткен инсанларға болған терең ҳүрмет белгиси, тарийхымызға болған итибар тысқалы болып есапланады. 1941-1945-жылларда екинши жаҳан урысы инсаният тарийхындағы ең аўыр даўырлердиң бири болып есапланады.

Бул урыста миллионлап инсанлар өмирден көз жумды, шаңарақлар бүлинди, қалалар ғайран болды. Өзбекстан да бул урыста шетте қалмады. Мынлап жигитлеримиз фронтқа кетти, олардың көпшилиги артқа қайтпады. Урыс жылларында халқымыз пидайлық пенен мийнет етип, жеңиске үлкен үлес қосты. Бүгин тыныш ҳәм парақатшылықта өмир сүрип атырған болсақ, бул — әўели урыста жанын пида еткен әўладларымыз, батыр әскерлеримиз ҳәм пидайы мийнеткешлеримиздиң шарапаты менен деп ойлаймыз.

9-май — Еслеў ҳәм қадирлеў күни тек ғана урыс қатнасыўшылары емес ал, ҳәр бир Ўатанды сүйиўши инсан ушын ҳүрмет күни болып есапланады. Бул күнде елимиз бойлап байрам илажлары, урыс қатнасыўшылары менен ушырасыўлар, естеликлерге гүл қойыў мәрасимлери өткериледи. Бүгинги жаслар оз тарийхын, әўладлар мәртлигин терең аңлап жетиўи зәрүр. Тарийхын умытпаған халық ғана келешекке қадем таслай алады. Соның ушын мектеплерде, жоқары оқыў орынларында ҳәм әскерилерде оқыўшылар 9-май — Еслеў ҳәм қадирлеў күнине арналған илаалар шолкемлестириледи. Еслеў — бул өтмишке болған ҳүрмет, қадирлеў болса — инсан миннети. 9-май — бул жүреклерде мәңги жасайтуғын еслеў байрамы болып есапланады. Биз урыс жылларындағы халқымыздың мәртлигин умытпаймыз, оны жас әўладқа жеткериўимиз менен халық тынышлығымызды беккемлеймиз.

Усы мәнәсибет пенен Шырышқ мәмлекетлик педагогикалық университети факультетлер аралық шет тиллери кафедрасы профессор-оқытыўшылары студентлер турақ жайында 9-май — Еслеў ҳәм қадирлеў күни мунәсибети менен «Жас әўлад — еслеўди даўам еттириўшилер» деген атамада илаж өткерди. Илажда студент-жасларға урыс ўақтында мийнет еткен ҳәм қурбан болған жерлеслеримиз ҳаққында кең түсиник берди. Соның менен бирге, жас әўладқа тарийхты терең билиў, Ўатансүйиўшилик руўхын сиңдириў ушын өтмиштеги әўладларымыздың мәртлиги ҳаққында ҳәм оны қадирлеген ҳәр бир жас оз журтын сүйеди, оны асырайды, қурады ҳәм раўажландырады. Илаж ақырында кафедра профессор-оқытыўшылары студентлерге китаплар саўға етти.

Рамазан ТЕҢЕЛБАЕВ,
Шырышқ мәмлекетлик педагогикалық университети факультетлер аралық шет тиллери кафедрасы оқытыўшысы.

ЯДНАМА

АТАМЫЗДЫ МАҚТАНЫШ ЕТЕМИЗ

Дуния жүзинин көпшилик халықлары Екинши жаҳан урысында ерисилген женистиң 80 жыллығын салтанатлы түрде белгиледи. Бул жениске ансатлық пенен ерисилмеди. Себеби, урыста дуньяның көпшилик мәмлекетлери қатнасып, фашизмге қарсы гүрести, жүда көп қурбанлар болды. Бул урысқа Қарақалпақстан Республикасынан 66 мың жерлесимиз атланған болса, солардан 34 мыны саўап майданларында қайтыс болды. Оларға ана-Ўатан топырағы буйырмады. Аман-есен қайтқан жерлеслеримиздиң де саўашларда алған аўыр жарақатларының орны питиўи қыйын болды. Урыс себепли жақын-жуўақларынан айырылған инсанлардың көз жасларының орнын ҳеш нәрсе менен толтырыў мүмкин болмады.

Усы салтанатлы сәнеде биз де атамыз, Екинши жаҳан урысы қатнасыўшысы Шыныбек Қаллибековты қадирлеп-қәстерлеп еске аламыз. Ата-ананы қадирлеп-қәстерлеў, ядқа алып еслеў — пәрзеттиң алдағы ғазыйпасы. Атамыз бурынғы Қараөзек, ҳәзир Бозатаў районы аймағындағы «Қусхана» таўының этирапында туўылған. Урыс басланған жыллары Қараөзек райпромкомбинатта балықшы болып жумыс ислеп жүрип, әскерий хызметке шақырылған.

Атамыздан қалған ҳүжжетлерге қарағанда, аўыр саўашлар жүрип атырған ўақытта 1942-жылы 26-ноябрьде 497-атқышлар полкы қурамында хызмет атқарып жүрип, әскерий тапсырманы орынлаў ўақтында бириншi рет оқ ийнинен жарақат алып, бир қанша ўақыт әскерий госпитальда емленген. Соң қатарға қосылып, 1235-атқышлар полкиниң 2-батальоны 6-ротасы қурамында саўашларда қатнасқан. 1943-жылы 21-март күни саўашта алған жарақатлары әҳмийетинде 4 ай әскерий госпитальда емленген. Кейин ала Калинин фронтында хызметин даўам еткен.

Урыстың ҳәр бир күни, сааты ҳәм де минуты аўыр, қайғылы жағдайларға алып келетуғын еди. Арадан бир ай өткенде душпан снаряды жарылғыў әҳмийетинде, шашырап тийген осколклар әҳмийетинде желкесинен, жаўырынынан ҳәм шеп аяғынан аўыр жарадар болған. Урыс шараятындағы әскерий госпитальда емленип, кейин запастағы 693-санлы атқышлар полкы 1-батальонының автоматшылар ротасында гүрести даўам еткен. Усы батальонда хызмет өтеп атырғанда және аўыр жарақатланып, госпитальда емленип, операция исленген. Лекин, мойын омыртқасында осколканың сынығы қалған, оны урыс жағдайында операция жолы менен шығарып таслаўдың имканияты болмаған.

Атамыздан айтып берген ўақыялары бойынша ол жас ўақытларында оның әкеси, биздердиң бабамыз Қаллибек өзи қурғын бай, сол этирапта балықшылардың ханы болған. Ийшан-уламалардың қоллап-қуўатлағаны ушын репрессияға ушырап, Ташкент этирапына сүргин етилген. Ол жазаны өтеп, елимизге қайтып киятырғанда жолда қайтыс болған. Ягный, бабамыздың сүйеги елге қуўыспаған. Соңлықтан, әкеміз Шыныбекке билим алып, сәўат ашыўына ҳеш қандай мүмкиншилик болмаған. Билимсизлиги сол урыс жылларында көп зыянын тийгизген. Әсиресе, рус тилин жетик билмегенлиги көпшилик әскерлердиң саўашларда көрсеткен ерликлери ушын сыйлықларға ушырасыўы унамасы тәсирин тийгизген. Ҳәзирги көзқарастан қарағанымызда, атамыз саўашларда бир неше рет әскерий тапсырмаларды орынлаў ўақтында аўыр жарақатлар алған. Өзинин көзи тири ўақтында айтып берген ўақыяларға қарағанда, соңғы аўыр жарақатын алыўына, рота командирининң қоңсылас траншеядағы пулеметчик аўыр жарақат алып, оны санитарлық хызмети алып кеткеннен кейин, ийесиз қалған пулеметти алып келиў тапсырмасы себепши болған. Атамыз қардай жаўып турған душпан оғы астында тапсырманы орынлап, пулеметти пайдаланыў ушын өзлериниң траншеясына алып келген ўақытта арқа тәрепинен жақын жерге келип жарылған душпан снарядының осколкаларынан аўыр жарадар болған.

Атамыз Шыныбек Қаллибеков саўашларда алған аўыр жарақатлары әҳмийетинде сол жыллары Вологда ўалаяты Вологда қаласында жайласқан 2-санлы әскерий гарнизонның емлеўханасында емленген. Усы госпитальдың әскерий-врачлар комиссиясының 1944-жылы 23-февральдағы шешими менен саўашқа жарамсыз деп табылып, Қараөзек районлық әскерий комиссариатына қайтарылған.

Атамызға әскерий шыпаркерлер омыртқада қалған осколка сынығы ўақыттың өтиўи менен қозғалыс жасап, денсаўлығына зыян жеткизетуғын аўыр әҳмийетлерге алып келиўи мүмкин екенлигин, бирақ, оны алып таслаўға ушыр шараяттың мүмкиншиликлери жоқ екенлигин, аўыр операцияны талап ететуғынлығын биллдирген. Атамыз урыста алған усы жарақатлары себепли дәслеп Қараөзек районлық емлеўханасында, кейин ала сол жыллары Вологда ўалаяты Вологда қаласында жайласқан 2-санлы әскерий гарнизонның емлеўханасында емленген. Усы госпитальдың әскерий-врачлар комиссиясының 1944-жылы 23-февральдағы шешими менен саўашқа жарамсыз деп табылып, Қараөзек районлық әскерий комиссариатына қайтарылған.

Атамызға әскерий шыпаркерлер омыртқада қалған осколка сынығы ўақыттың өтиўи менен қозғалыс жасап, денсаўлығына зыян жеткизетуғын аўыр әҳмийетлерге алып келиўи мүмкин екенлигин, бирақ, оны алып таслаўға ушыр шараяттың мүмкиншиликлери жоқ екенлигин, аўыр операцияны талап ететуғынлығын биллдирген. Атамыз урыста алған усы жарақатлары себепли дәслеп Қараөзек районлық емлеўханасында, кейин ала сол жыллары Самарқандта жайласқан «Намазга» деп аталған емлеўханада 6 жылдан артық ўақыт даўамында емленди. Атамыз дәслеп Екинши жаҳан урысының 2-топардағы майыбы болса, кейин ала денсаўлығының төменлеўине байланыслы 1-топардағы майыплыққа өткерилди. Соның ала саўашта алған жарақаты себепли омыртқада қалған осколка сынығы қозғалыўы әҳмийетинде денсаўлығы аўырласып, 1979-жылы, ноябрь айында Шымбай районындағы «Май-жап» мәмлекетлик хожалығы аймағында жайласқан «Қостамғалы» аўылында қайтыс болды ҳәм ҳәзирги Бозатаў районы аймағындағы «Қусхана» таўы етегинде жайласқан «Сүйин ийшан ата»» қәбирстанына жерленди.

Бул тек бир ғана — әкеміз Шыныбек Қаллибековтың басынан кеширген аўыр ўақыялары. Усыныў саллдарынан шаңарағы, жас қалған пәрзентлери де жетим қалды. Анамыз Үмитхан Қурбаниязова бизлерди көп қыйыншылықлар менен қамалға келтирип, халық қатарына қосты.

Урыс саллдарынан усындай нешше шаңарақлар жәбир көрди. Тыныш, пәраўан турмысымыздың тырнағын қалаған мәрт аталарымыздың руўхлары шад болғай!

Т.ҚАЛЛИБЕКОВ,
ҚМУ оқытыўшысы,
А.ШЫНЫБЕКОВ,
ҚМУ юридика факультети студенти.

ПРЕСС-ТУР

«ӨМИРДЕ ӨЗ ОРНЫНА ИЙЕ ИНСАН»

Жақийқатында да инсан оз орнын, оз жолын таўып жасаў — бахыт. Адам баласы туўылып камалға келер екен, өмирде оз орнын табыўында таңлаған кәсиптиң орны айрықша. Егер де инсан өзи қызықкан кәсибин таңласа, алға қойған мақсетлерге ерисиўи анық.

Жақында Жаслар ислери агентлиги Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм «Жаслар — келешегимиз фонды» Қарақалпақстан Республикасы Миллий киймлерди ислеп шығарыў жәмәәти менен биргеликте Нөкис қаласында Миллий киймлерди ислеп шығарып, оз ислерменлигин жолға қойған жас дизайнер, жеке ислермен Насиба Пирлениованың жумыс орнына пресс-тур ҳәм «Бизнес саяхат» шолкемлестирилди. Ол — халықаралық дәрежедеги дизайнер модельер-конструктор. Саяхатқа ҚҚҚ ўәкилери, ҚМУдың математика факультетиниң математика қәнигелили тьюторы басшылығында 1 курс студентлери ҳәм тигиўшилик тараўына қызығыўшы жаслар қатнасты. Пресс-тур даўамында жеке ислерлемен Н.Пирлениованың искерлиги, миллий киймлердиң ислениў процеси менен таныстырды.

— Мениң бул өнерге қызығыўшылығым балалығымнан басланған. Үйдеги бурынғы қол машинасында соў ўақыта сары таўыс перде болатуғын еди, сол перделеп өзиме кофта тигип кийгенмен. 12 жасымда тигиншиликке шәкиртликке түскенмен. 13 жасымда устазымның қасында жумыс баслағанман ҳәм теңлеслеримнен бийыртпа алып, киймлер тиккенмен. Ҳәзирги ўақытта буйыртпалар тийкарында миллий нағыслы қыз ўатыў липасларын ҳәм классикалық киймлер тигип атырмыз. Үш жыл даўамында колледже дизайн ҳәм тигиўшилик бағдарында талым алып, қатар таңлаўларға қатнасып, сыйлы орынларды алдым. Жумысымды бир тигиў машинасында баслаған болсам, ҳәзир тигиў машиналарымның санын көбейткенмен.

Ең баслысы, адам бир исти баслады ма, тоқтап қалмай ҳәрекет етиў керек, - дейди ол. — Ҳәзирги күнде де жылына бир рет жеке өзим Ташкентте атақлы дизайнерлерден билим алып қайтып, өз үстимде ислеймен. Бул ательни жеке тәртиптеги ислемлерен болып ашқанман. Ашқаныма еки ярым жыл, «Өнермент» бирлеспесине ағза болдым.

Усы жыл 13-апрельде Ташкентте болып өткен «The International fashion show» Халықаралық модалар көргизбесине өзинниң «Сахра бүлбилери» деген коллекциям менен қатнасқанман. Қарақалпақстан Республикасы «Киши бизнести үзликсиз қоллап-қуўатлаў» комплекс бағдарламасы шеңберинде «Жас ислерлемен ҳаял» номинациясы бойынша Миннетдаршылық гүўалығы менен сыйлықландым. Оқыўшыларымның арасынан 2 қызды қасыма жумысқа алдым. Елиўден аслам шәкиртлерим бар. Ҳәзирги күнде мен таярлаған шәкиртлерим де өзлериниң оқыў орайларын ашып, шәкиртлер таярлап атыр. Келешекте өзиниң теңлеслерине айтарым: өнер үйренсе өзин-өзи бәнт етеди, өзине ҳәм шаңарағына дәрамат алып келеди...

Биз, жас ислерлемен Н.Пирлениованың искерлиги менен таныс екенбиз, оның излениўшилигине қайыл қалып, миннетдаршылығымызды билдиримиз. Пресс-тур даўамында қатнасыўшылар өз-ара пикир алысып, өзлериниң қызықтырған сораўларына жуўаплар алды.

Айсултан АЯПОВА.

Нөкис қаласында жеке әмелият пенен шуғылланыўшы нотариус Мадреймова Миясар Кошкинбаевна тәрепинен Нөкис қаласында жасаған, мәрхум 21.09.2014-жылы қайтыс болған Сапаргүл Қосбергеновның мал-мүлкине 05.05.2025-жылы QR 1420549-санлы мийрас иси ашылыўына байланыслы мәрхумның мийраскорлары бар болса газетада дағаза жәрияланған күннен баслап 1 ай мүддет ишинде келип хабарласыўына болады.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2025-жыл 29-апрель күнги 51-(21229) санында Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң жәрияланған дағазасындағы доцент даўазымына деген қатарына «пуқаралық ҳәм бизнес ҳуқықы», «жынаят ҳуқықы процеси ҳәм криминалистика» кафедралары қосылып оқылсын. Қалғаны текст бойынша.

Нөкис қәнигелестирилген мәденият мектеби жәмәәти усы мектептиң дене тәрбия пәни мүғаллими Қайрат Толкынбаевқа әкеси Жолдасбай ТОЛКЫНБАЕВтың қайтыс болыўына байланыслы кеўил айтады.

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»— «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»

Бас редактордың ўазийпасын ўақтыша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

ШОЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай

Газета А-2 форматында қәнтесинде 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 басма табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизайнға алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм ревортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есаплы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRINT NUKUS» ХШК, газетаны тарқатыўда «Объектив почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатыўы» ХШК жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материаллларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қол жазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардың көлеми 5 беттен ымыт (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

Тиражы 1104 данә. Буйыртпа №761

Индекси: пуқаралар ушын: 2008. корханалар ушын: 2009.

Басмаўға руқсат етилген ўақты 17.30.

ISSN 2181-5180

Наўбетши редактор: С.ЖАНИЕВ

Наўбетши: З.ДОСНАЗАРОВА.

Сканировано с CamScanner